

Gid Inisyasyon Rapid

Kijan pou kreye yon Kont nan Platfòm EVV a si Lyen w la Ekspire

Lyen pou verifye imèl ou a ekspire apre 12 èdtan. Si lyen an ekspire, ou dwe klike sou Verify Email (Verifye Imèl) epi yon fenèt pral parèt pou mande w si w vle yo voye yon nouvo imèl pou ou. Kòm yon rapèl, PCA yo, tanpri itilize aparèy pòtab ou pou etap sa.

1 Etap 1 - Si Ou Toujou Gen Imèl la


Si lyen an ekspire epi ou toujou genyen imèl la, klike sou bouton **Verify Email (Verifye Imèl)** la pou mande yo voye yon lòt imèl ba ou.

Depi ou fin klike sou bouton Verify Email (Verifye Imèl) la, ou pral redirije sou yon Sit Entènèt.

Sit entènèt sa pral endike lyen verifikasyon w la ekspire. Klike bouton ki di **“Request a new link” (Mande yon nouvo lyen)** pou resevwa yon nouvo Welcome Email (Imèl Akèy).

kounye a ou kapab retounen nan bwat imèl ou. Ou ta dwe resevwa yon lòt imèl pou konfime adrès imèl ou. Li ka pran kèk minit pou rive nan imèl ou.

Aprè tout bagay fin verifye, ou pral resevwa yon imèl ki gen tit **“Set password” (Defini modpas)**.



2

Etap 2 - Si Ou Pa Gen Imèl la

Si ou pa gen welcome email (imèl akèy) la, ale nan Platfòm EVV a la: <https://ucp.hhaexchange.com/login> epi chwazi Forgot Password (Bliye Modpas).

Y ap voye imèl pou Reyinisyasyon modpas la nan adrès imèl ou. Swiv konsiy nan Gid Inisyasyon Rapid “Chanje Modpas ou nan Platfòm EVV” a pou kreye kont sou Platfòm EVV ou.

Welcome to the new HHAExchange login page. Please bookmark this page for future logins

Log In

HHAExchange

Email / Username

Password

Forgot password?

Log In

Español | 中文 | ▼

[Privacy policy](#) | [Terms of use](#) | [System status](#)

Ou kapab kreye yon kont nan Platfòm EVV a kounye a si lyen w la ekspire.